QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«15» декабрь 2021-y. № 02-02/4-5663 «____»-__________ 2021-j.

**Jınayat isleri boyınsha**
**Bozataw rayonı sudına**

Siziń 2021-jıl 15-noyabrdegi 3-2317-2101/381-sanlı usınısıńız boyınsha 2021-jıl 13-dekabr sánesinde ministrliktiń keńeytirilgen óndirislik májilisinde dodalanıp, xalıq bilimlendiriw tarawı xızmetkerleri arasında bunday huqıqbuzarlıqlar aldağı waqıtları boldırmaw boyınsha barlıq rayon(qala)lıq xalıq bilimlendiriw bólimlerine tapsırmalar berildi. Óndiris májilis bayanlaması qosa tigiledi.

Qosımsha 2 betten ibarat

**Ministrdiń birinshi orınbasarı w.w.a.** **Q.Bekbawliev**

Orınlawshı: B.Habibullayev
Тел. +998907005585

«Тастыйықлайман»
Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министри
________Р. Реимов
«_13_» _Декабрь_ 2021 ж.

**Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри жанындағы өндирислик мәжилистиң**
**БАЯНЛАМАСЫ**

**Нөкис қаласы** **№ 12/5** **2021-жыл, 13-декабрь**

Мәжилис баслығы: Р.Реимов – Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри

Қатнасқанлар: Қ. Бекбаулиев–министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а., Ш.Таджимуратов- министр орынбасары, С.Жуманиязов- Кадрлар бөлими баслығы, С. Атамуратов – министрликтиң бас юристконсульти, Б.Хабибуллаев – Министрликтиң методикалық хызмет бөлими методисти, мәжилис хаткери, Министрликтиң бөлим баслықлары, орынлардағы студиялардан онлайн тәризинде (ZOOM) барлық район(қала)лық ХББ баслықлары, Бозатаў районлық ХББне қараслы барлық улыўма орта билим бериў мектеп директорлары

**КҮН ТӘРТИБИНДЕ:**

1. Бозатаў районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы 4-санлы улыўма билим бериў мектеби директоры Турекешов Масалбек Бахытжанович, 4-санлы улыўма билим бериў мектеби қараўылы Сайымбетов Елибай Сулайманович ҳәм 3-санлы улыўма билим бериў мектебиниң информатика пәни оқытыўшысы Узақбаев Рашид Темирбаевичлердиң ортаға пуллы қумар ойынын ойнаған ис-ҳәрекетлери бойынша Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў тараўы хызметкерлери арасында кең көлемли үгит-нәсият жумысларын шөлкемлестириў ҳаққындағы жынаят ислери бойынша Бозатаў районы судының УСЫНЫС ХАТЫ туўралы.

**Тыңланды:**

Күн тәртибиндеги мәселе бойынша министр Р. Реимов өз сөзинде төмендегилерге тоқтап өтти: Жынаят ислери бойынша Бозатаў районы судының «Бозатаў районлық 4-санлы мектеп директоры М.Турекекшов, усы мектеп қараўылы Е.Саймыбетов ҳәм 3-санлы мектептиң информатика пәни оқытыўшысы Р. Узақбаевлардың 4-санлы мектепте 2021-жылы 23-октябрьден 24-октябрьге өтер

кешеси шериклери менен пуллы карта ойынын ойнап, ҳуқықбузыўшылыққа жол қойғанлығы ҳаққында»ғы 381-санлы усыныс хатын оқыпп еситтирди. Ол өз сөзинде Бозатаў районлық ХББине қараслы 4-санлы мектеп директоры М. Турекешов, 4-санлы мектеп қараўылы Е.Саймыбетов ҳәм 3-санлы мектептиң информатика пәни оқытыўшысы Р. Узақбаевлар пуллы карта ойынын ойнап отырған жеринде Бозатаў районы ИИБ инспекторы Толыбаев Салауат келип услап алып, тийисли тәртипте ҳүжжетлер рәсмийлестирилгенин, бул бойынша Жынаят ислери бойынша Бозатаў районы судында ҳуқықбузарлық жағдайын көрип шығып бул бойынша ең кем ис-ҳақы муғдарының үш есеси көлеминде жәрийма белгиленгенлигин өз түсиник хатларында сөз етип, фактлердиң тастыйықлағанлығын мәлим етти. (Түсиник хатлары қосымша етиледи)

Жоқарыдағылардан келип шығып, өндирислик мәжилис қарар етеди.

**ҚАРАР:**

1. Жынаят ислери бойынша Бозатаў районы Суды тәрепинен 2021-жыл 15-ноябрьдеги «Ҳуқықбузарлықтың алдын алыў бойынша Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен түсиник жумысларын алып барыў ҳаққында»ғы 381-санлы усыныс хаты мағлыўмат ушын қабыл етилсин.
2. Бозатаў районлық ХББине қараслы 4-санлы мектеп директоры М. Турекешов тәрбия орнында, сиясий мапаз күни пуллы карта ойнап, ҳуқықбузыўшылыққа жол қойғаны ушын нызам тийкарында интизамый жаза шарасы қолланыўға ылайық деп табылсын, бирақ жынят ислери бойынша Бозатаў районы суды тәрепинен көрилген ең кем ис-ҳақы муғдарының үш есеси көлеминде жәрийма белгиленгенлиги мағлыўмат ушын қабыл етилсин.
3. Бозатаў районлық халық билимлендириў бөлими баслығы А.Ходжаметовқа:

4-санлы улыўма билим бериў мектеби қараўылы Сайымбетов Елибай Сулайманович ҳәм 3-санлы улыўма билим бериў мектеби информатика пәни оқытыўшысы Узақбаев Рашид Темирбаевичлардың пуллы карта ойынын ойнаған ис-ҳәрекетлери бойынша Бозатаў районлық халық билимлендириў тараўы хызметкерлери арасында кең көлемли үгит-нәсият жумыслары алып барылсын.

Мәжилис хаткери Б.Хабибуллаевқа:

Жынаят ислери бойынша Бозатаў районы суды тәрепинен министрликке берилген усыныс хаты бойынша әмелге асырылған жумыслар ҳаққында жынаят ислери бойынша Бозатаў районы судына белгиленген мүддетте мағлыўмат бериў тапсырылсын.

**Мәжилис хаткери:** [signature] **Б.Хабибуллаев**